

BAB VI

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina Bab IV, hasil Panalungtikan bisa dicindekkeun dua hal, nyaéta wangun kalimah jeung struktur kalimah. Lian ti éta, dicindekkeun ogé struktur tagmémik kalimahna. Wangun kalimah nu aya dina téks basa Sunda karangan siswa kelas IX-B SMPN 2 Katapang, kapanggih aya kalimah salancar jeung kalimah rangkepan. Kalimah salancar ngawengku kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar, kalimah rangkepan ngawengku kalimah ngantét satata jeung kalimah ngantét sumélér. Struktur kalimah nu aya dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX-B SMPN 2 Katapang, kapanggih aya 4 pola kalimah salancar basajan jeung 4 pola kalimah salancar jembar.

Tina jumlah data 20 téks biantara kapanggih aya 96 paragraf anu diwangun ku 234 kalimah. Unggal kalimah dianalisis wangun jeung struktur fungsionalna. Husus struktur kalimah dianalisis ogé struktur tagmémikna, anu ngawengku fungsi, kategori, jeung peranna. Hasil analisis wangun kalimah nu kabagi jadi dua nyaéta kalimah salancar jeung kalimah rangkepan, kapanggih tina 234 kalimah téh aya 56 kalimah salancar basajan jeung 58 kalimah salancar jembar. Salian ti éta, tina 234 kalimah ogé kapanggih 52 kalimah rangkepan ngantét satata jeung 68 kalimah rangkepan ngantét sélér sumélér.

Hasil analisis struktur fungsional kalimah kapanggih aya opat pola kalimah salancar basajan (KSB), nyaéta pola I: KSB → J-C (Jejer-Caritaan) kapanggih aya 15 kalimah; pola II: KSB → J-C-U (Jejer-Caritaan-Udagan) kapanggih aya 24 kalimah; pola III: KSB → J-C-P (Jejer-Caritaan-Panglengkep) kapanggih aya 2 kalimah; jeung pola IV: KSB → J-C-P-U (Jejer-Caritaan-Panglengkep-Udagan) kapanggih aya 16 kalimah. Pola kalimah salancar jembar (KSJ) kapanggih aya tilu pola, nyaéta pola I: KSJ → J-C-Kat (Jejer-Caritaan-Keterangan) kapanggih aya 1 kalimah; pola II: KSJ → J-C-U-Kat (Jejer-Caritaan-Udagan-Keterangan) kapanggih aya 35 kalimah; jeung pola IV: KSJ → J-C-P-U-Kat (Jejer-Caritaan-

Panglengkep-Udagan-Katerangan) kapanggih aya 22 kalimah. Tina analisis struktur kalimah rangkepan kapanggih aya 52 kalimah rangkepan ngantét satata kalawan pola I: $KRNt \rightarrow KBb + KBb$ (Klausa Bébas + Klausa Bébas) jeung 68 kalimah rangkepan rangkepan sumélér kalawan pola II: $KRSI \rightarrow KBs + KKug$ (Klausa Bébas + Klausa Kauger).

Struktur fungsional kalimah, boh kalimah salancar boh kalimah rangkepan, masing-masing ngabogaan struktur tagmémik, nyaéta unsur-unsur tagmém minangka korélasi antara fungsi, kategori, jeung peran semantis.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis, dadaran jeung kacindekan panalungikan, bisa katitén yén implikasi dina ieu panalungtikan di antarana dipiharep bisa méré sumbangan pikiran ogé pangaweruh ngeunaan ngeunaan struktur kalimat nu kapanggih dina karangan téks biantara basa Sunda siswa, anu gedé gunana pikeun analisis sintaksis tur digunakeun ku panalungtik séjén salaku bahan rujukan jeung méré wawasan nu leuwih jero ngeunaan kasulitan nu kaalaman ku panyatur basa dina nyusun kalimat nu bener sacara struktural sarta bisa digunakeun pikeun ngamekarkeun metode pangajaran basa nu leuwih éféktif. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daérah atawa pamaréntah pusat jeung pihak-pihak nu hayang nyaho ngeunaan basa jeung kamekaranana, hususna dina widang sintaksis. Ku ayana ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi pakakas pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina widang nulis, utamana dina nulis téks biantara basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus diayakeunana panalungtikan ngeunaan struktur kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX B SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung, aya sababaraha hal anu ditepikeun ku panalungtik minangka rékoméndasi.

- 1) Référénsi ngeunaan struktur kalimah basa Sunda hésé tur heureut dipaluruhna, ku kituna dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa leuwih ngadeudeul deui ngeunaan widang sintaksis basa Sunda.
- 2) Tiori nu dipaké ngeunaan kabasaan utamana ngeunaan struktur kalimah dina widang élmu sintaksis masih heureut pisan, lobakeun tiori-tiori tina référénsi séjénna. Panalungtik kudu leuwih apik deui dina nangtukeun sumber anu rék dianalisis. Ari sababna, henteu sakabéh tulisan cocog dijadikeun sumber jeung kudu dipilih ogé tulisan anu bener jeung henteu loba salah ngetik.
- 3) Dipiharep guru basa Sunda di unggal sakola kudu leuwih bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa-siswina sangkan struktur kalimahna tur susunan kekecapanana leuwih merenah deui.